Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныгъэ зэзыгъэуIу советым теухуа Положеныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ къыщытам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныгъэ зэзыгъэуIу советым теухуа Положеныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныгъэ зэзыгъэуIу советым и IуэхукIэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ къыщытам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент» псалъэхэу зыхуэфащэ падежхэм иту зэдыщIэкIыу тхыгъэм хэтхэр зэхъуэкIын зыхуэфащэ падежхэм ит «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ» псалъэхэмкIэ;

б) пункт 5.1-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«ЗэзыгъэуIу советым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къещтэ.».

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м №160-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныгъэ зэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныгъэ зэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэным мы Указым и гуэдзэным эзэрытым хуэдэу.

2. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныгъэ зэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныгъэ зэзыгъэуIу советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыщытам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкIа Указ №36-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м №161-УГ

Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап. тетщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къалэуху зэхуэсыр зэхуэщIыжыным и Iуэхукъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къалэуху зэхуэсыр зэхуэщIыжын.

2. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Къалэуху зэхуэсыр и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдигъэкIа Указ №41-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къалэуху зэхуэсыр и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкIа Указ №91-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къалэуху зэхуэсыр и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм фэдзкIадэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №127-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м №162-УГ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПщКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№153 (22.811) • 2014 гъэм щыщхьэуIум (августым) и 5, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Европэм тхэквондомкIэ и чемпионатыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIынущ

КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ тхэнвондомкIэ Урысейм и командэ къыхэхам и гъэсакIуэ нэхъыщхьэ Иванов Вадим. ЗэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и спикер, Урысейм тхэквондомкIэ и союзым и попечительсхэ сметым и тхъэмадэм и къуэдзэ Чеченов Ануар, КъБР-м спортымкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн сымэ.

ТХЭКВОНДОМ и олимпIэужьыгъуэхэмкIэ Европэм и япэ чемпионат Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкIуэкIыныкIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьащ. Апхуэдэ унафэ ящIмэ, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, республикэм чемпионатыр нэсу, зэщIэгъэуIуауэ ирегъэкIуэкIыфынущ. Зэхъэзэхуэхэр 2015 гъэм гъатхэпэм и кIэухым къызэрагъэпэщын хуейуэ араща, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къызэрыхигъэщамкIэ, абыхэм захуэгъэхьэзырыным икIащIыпIэкIэ щIамыдзэу хъунукъым. Республикэм чемпионатыр егъэкIуэкIыныкIэ и къызэгъэпэщакIуэ комитетым хагъахьэнущ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр.

КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм кьигъэлъагъуэ бжыгъэхэм ятепщIыхьымэ, республикэм зэпымыуэ тхэквондом зыщыхуагъасэ цIыху минитIым хуэдизым. Урысейм и командэ къыхэхам хэтщ КъБР-м щыщ спортсмену 13.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапли.

● Хъыбар гуапэ

Лъыхъуакiуэ гупыр мэлажьэ

Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIащ «Фэеплъ вахтэ» зыфIаща Iуэху. ЗауэлIхэр, Урысейм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр, КъБР-м и Правительствэм, Iуащхьэмахуэ куеймрэ Эльбрус къуажэмрэ я администрацхэм я лIыкIуэхэр, куейм и цIыхухэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэмрэ хэту цIыхуищм щIигъу щызэхуэсащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Терскол щыIэм деж. Маззм и кIуэцIкIэ лэжьэнущ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и Иплщэ дзэ округым къулыкъу щызыщIэхэмрэ «Мемориал Эльбрус» лъыхъуакIуэ гупымрэ. Ахэр совет зауэлIхэм я къупщхьэхэм щыпIыхъэнущ Iуащхьэмахуэ джабэ нэкIымрэ «Донгуз Орун», «Азау», «Терскол», «Ирик Чат» щыпIэхэмрэ.

49-нэ дзэ армэм и унафэщIым и къуэдзэ Гусев Евгений къызэрыхигъэщамкIэ, сэлэтхэм бгы щыналъэм иту ягъэззщIэфын хуей зауэ хуэIухуэщIэхэм къадэкIуэу, къалъыхъуэнущ Хэку зауэшхуэ лъандэрэ щIамылъхьауэ къэнахэм я къупщхьэхэр. Iуащхьэмахуэ удэжьным лъэпощхьэпо куэд зэрыпыщIар, мыпыпъэхэм ущыпэжьэныр зэрыщыныгъуэр къалпытэри, лъыхъуакIуэ гупыр ягъэсащ инструктор нэхъ Iэзэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий къыбгъэдэкIуэ Iуэхум хэтхэм захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Фырэ Руслан. Абы къызэхуэсахэр къыхуриджащ Хэкум и лIыхъужьхэр зыщамыгъэгъупщэну.

- Iуащхьэмахуэ и Iэгъуэблагъэхэм я псэр щатащ Кавказыр зыхъума сэлэт щэ бжыгъэхэм. Дэ ди къалэнщ мамырыгъэмрэ зэпстыныгъэмрэ щIэзэуа сэлэтхэм я къупщхьэлъапщхьэхэр щIэтIыхьэжыну, - жиIащ абы.

ХэкIуэдахэмкIэ яхуэщыгъуа нэужь, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ пэкIум хэтахэм.

Дзэ къулыкъум пэрытхэм лъыхъуакIуэ лэжьыгъэхэр яублэну унафэ ирата нэужь, ахэр Iуащхьэмахуэ джабэ кIэрыхьащ.

«Терскол» спорт центрым щагъэлъагъуэ «Фэеплъ вахтэ» Iуэхум хэтахэм сэлэтхэм я хьэпшыпрэ Iэмэпсымэ нэгъабэ Iуащхьэмахуэ деж къышащэугъахэр.

Фигу къыдогъэкIыж, Iуащхьэмахуэ лъапэ мы Iуэхур илъэс етIуанэ хуауэ зэрыщIекIуэкIыр. Гъэ кIуам къагъуэтыжащ дзэ плъыхьым и зауэлI 48-м я къупщхьэлъапщхьэхэр. Ахэр щIыхь пылъу Терскол щыIэ кхъэм щыщIалъхьэжащ.

ТАРИМ Алисэ.

ЩIыр зэрыхъеям и зэранкIэ

Я нэхъ машIэрамэ щIыхь 381-рэ хэкIуэдащ, минитIым нэблагъэм уIэгъэ, фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ вэсэмахуэ Китайм щIыр зэрыщыхьеям къыхэкIыу.

Юньнань, Лудиан провинцэхэм щIыр «щиутхыпщIащ» баллихым щIигъу къару иIэу. А щIыналъхэр зыхуэзэр бгылъэ щIыпIэхэрщи, щIэх-щIэхыурэ абыхэм щIыр зэрыщыхьейм къыхэкIыу, щIыхуу щыпсэурэ, Китаймрэ адрей жылагъуэхэм ельытауэ, нэхъ мащIэщ - мин 400-м щIигъуу аращ.

Зэкlэ къыззэратамкlэ, хэхъуныкъащ шынагъуэм унэ мин 12-м щIигъу зэтрикъуташ, мин щэщIи зэранышхуэ хуэхъуащ. Унэ къызэтещхэхэм я нэхъыбапIэр жьы дыдэ хъуат, къызыхэщIыкIарэ пхъэрэ ятIэрэти, абыхэм ущыпсэунри дзыхьщIыгъуэджэт.

Юньнань провинцэм щыщ къалипщIым уэздыгъэр щызэпыуащ, гъуэгуфэр апхуэдизкIэ зэтрикъутащи, къуажэ куэдым ялъэIэсыфыркъым. Апхуэдэу щытми, къэрал унафэщIхэм, къеГъэлакIуэхэм яхуэфIэкI псори ялэжь гъэзэгъуэ хэхуэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ.

Зыри зыхуэмей зауэ

Украинэм щекIуэкI зауэм абы щыпсэухэм я нэхъыбапIэр зэрыхуэмейм и щыхьэту къэбгъэлъагъуэ хъунущ вэсэжэщ къэхъуар - а къэралым и дзэм къулыкъу щызыщIэ гупышхуэ, къэлъаIуэри, Урысей Федерацэм къэкIуащ.

ЗауэлIхэр 438-ра хъурт, Украинэм и Гъунапкъэхъумэ гупым щыщу цIыхуи 164-рэ яхэту. Абыхэм жаIэрт зэуэну зэрыхуэмейр. Ростов областым абыхэм къыщыхуэзрагъэпэща екIуэлIапIэм ахэр щагъэшхащ, щащIэлъыпльащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм зауэлIхэм ящыщ цIыхуи 180-м жаIащ Украинэм ягъэзэжьну зэрыхуейр икIи апхуэдэ лъэIури хуащIащ. Мыдрей къэнахэм ящIэнур ящIэркъым.

ЕфIэкIыныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ

ЩыналъэтI банкхэм я зэгухьэныгъэм УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм зыхуигъэзащ Iуэхущ Iапли псоми я лэжьакIуэхэм я улахуэхэр картэхэм хуралъхьэу фIэкIа ирамытыну, абы пыщIа Iуэхуэр зэтриухэну къыхуриджэу.

Зэгухьэныгъэм и унафэщI, Къэрал Думэм Мыльку Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Аксаков Анатолий зэрыжиIамкIэ, ди къэралым и Iуэхущ Iапли хэм я зэхуэдитIырщ карточкэкIэ плэжьапщIэхэр зытыр. Адрей процент 50-м иджыри ахъшэр Iэрылъхьэр къыщагъэсэн, я улахуэхэр апхуэдэу щат.

«Псори карточкэ Iэмалым хуагъэкIуаиэ, ар сэбэп щыхьэт яущэхуурэ ят улахуэхэр щымыгъэIэнымкIэ, - жиIащ Аксаковым. - А Iуэхур тэмэму зэтеуха хъун щхьэкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ Пэжьыгъэ кодексымрэ Административнэ кIуанщIэгъэхэм я теуха хабзэмрэ».

Псори карточкэ лэжьапщIэ тыкIэм хэгъэкIуэным гугъуехьхэр кьишэнкIэ зэрыхъунум трагъэчыныхьэ я жэрдэмыр зымыдэхэм. «Псалъэм папщIэ, банкоматхэр хуабжьу кьащемэщIэкI щыналъэхэр щыIэщ. Абы нэмыщI цIыху куэд, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкIуэтахэр, я ахъшэхэр карточкэхэм кьихыным гугъу иригъэхьынущ, нэгъуэщIу жыпIэмэ я мыпъкум и унафэ яхуэмыщIыжу кьэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым», жеIэ БКФ банкым и управленэм и унафэщI Осадчий Максим.

Унафэ пыухыкIа къыщтэн и пэ къихуэу, а псори зэпилъытын хуейщ УФ-м и Банк зэхъыщхьэм.

♦Светофорым и дунейпсо махуэщ. 1914 гъэм Клиблендэ къэлэм (США) япэ дыдэу ящащагъэсэбэпащ гъуэгум зэрыщыщэкIуапхъэ хабзэхэр гъэззэщIэным хуэгъэпса а Iэмэпсымэр.

♦1963 гъэм Ядернэ Iэщэр зэхуэам, хъэршым, псы щIагъым щыгъэунэхуныр мыдэным техуэуа Зэгурыуэныгъэм Iэ традзащ.

♦Щыщхьэуум и 5 - 6-хэм Вашингтон щекIуэкIынущ США-мрэ Африкэмрэ я унафэщIхэр зыхэтыну япэ зэIущIэшхэр. Америкэм и президентым абы иригъэблагъащ африкэ къэрал 47-м я Iэтащхьэхэр.

♦Урыс суратыщI-живописец цIэрыIуэ **Репин Иван** къызэралъхуря илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Жэмыш щIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэ и Лыхъужь **Пащты Салимэ** къызэралъхуря илъэси 114-рэ ирокъу.

♦МэкъумэщIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хьаний Мирон** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъэфакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи къуэрэ уи нысэрэ къахуэбублэр къалэнщ.

● Мэшыкъуэ-2014

Сурэтыр **Елкъэн Артур** *трихащ.*

Нэхъыбэ хъуну дащогугъ

Илъэс етхуанэ хъуауэ Мэшыкъуэ Iуащхьэм и лъабжьэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ зэхьихьэм КъБР-м щыщу мы гъэм хэтынухэр дыгъуасэ ирагъэжьащ.

КъЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щIыхькIэ щыIэ утым ныбжьыщIэхэр ирагъэжьну щыIэхуэсат КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр, адэ-анэхэмрэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм я ныбжьэгъуэхэмрэ. Жэрдэмщ Iакlуэмрэ политикэмрэ, информационнэ зыужьыныгъэ, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я къэкIуэнур - унэтIыныгъэхэмкlэ проектхэр зыгъэхьэзыра щIалэгъуалэм ахэр ягъэлъэгъуну, абы Iэщ Iагъэлъэ Iхэр хагъэплъэну Iэмалыф I я Iэнущ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкlэ и департаментым и унафэщI **КIурашын Анзор** ныбжьыщIэхэр гъуэгу махуэ техьэну, ехъулIэныгъэфIхэр яIэну, я зэфIэкI, гъэсэныгъэ дахэ ягъэлъэгъуэну ехъуэхъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс кIуам КъБР-м кьыбгъэдэкIыу Мэшыкъуэ щыIахэм ящыщу ныбжьыщIэ 43-м я проектхэр щыпхагъэкIыфауэ щытащи, мы гъэм а бжьгъэр нэхъыбэ хъуну дащогугъ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Аруан щIыналъэ

ГъавэгъэкIхэм я зэфIэкIыр

Старэ Шэрэдж къуажэм щызэхэт «Диметра» мэкъумэш фирмэм бжьыхьэсэ гъавэр Iуекныж. Мы зэманым ирихьэлIэу гуэдз гектари 145-м щыщу 60-р кърахьэлIэжащ, зы гектарым хуэзэу центнер 40-м нэс къытрахыу.

ФИРМЭМ и унафэщI Уэзрокъуэ Iэмырбэч зэрыжиIэмкlэ, гъавэр бэв хъунымкlэ сэбэпыпхуэт мы гъэм уэшхкIэ щIым зэрызитъэнщIар.

Iуахыж гуэдзыр занщIэу ирагъашэ сыт и лъэныкъуэкIи кьызэгъэпэща я зэватурым. Мыдджым кьыхэгъэщIыпхъэщ «Диметра» фирмэм вэн-сэн Iуэхум кьыдэкIуэу, гъавэ хъумэнри езым хъарзынэу зэрыцэтрифулар. Фирмэм и хэхъуэм щыщкIэ зыхуэзэфIэмыкIхэм защIимыгъакъуэу зы илъэси къэнакъым. ХуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм, бынунагъуэшхуэхэм ерыскъыхэкIрэ гъавэхэкIкIэ ядоIэпыкъу, кьужажм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр тэмэму ягъэлэжьэнымкIэ я щIэгъэжъуэнщ. Апхуэдэу зэи гулъытэнщэу къагъанэркъым Старэ Шэрэдж дэт «Сэтэней» сабий садымрэ спортым, псом хуэмыдэу, топ джэгум, дихьэх щIалэгъуалэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Шэджэм щIыналъэ

Гъэ еджэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Шэджэм районым и курыт еджапIэхэм гъэ еджэгъуэщIэм зыхуагъэхьэзыр.

КУЕЙМ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и Iэнатlэм и унафэщI Iэрылъщэ Жаннэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, район администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Кьанщобий и фIыгъэкIэ, мы гъэм сом мелуан 55-рэ школхэм хухахащ. АбыкIэ Iэуку куэд зэфIагъэкIынущ еджапIэхэр зыхуэй хуэгъэзэным теухуауэ.

Мы зэманым ирихьэлIэу еджапIи 9-р зэрагъэпэщыжащ. Абыхэм хиубыдащ Нартан, Шэджэм, ЦIыхьлыкъуэ, Хъущтэ-Сырт, нэгъуэщIхэми дэт еджапIэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдигъэкІа Указ №161-УГ-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэужьыныкмкІэ зэзэгъэуІу советым хэтхэр

Храмов К. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыр *(ЗэзыгъэуІу советым и тхьэмадэщ)*

Гъубжокъуэ Ю. М. - «Электрокъарур тегуэшэныкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм и унафэщ Іыр *(ЗэзыгъэуІу советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Уянаев К. Хь.- М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэр *(ЗэзыгъэуІу советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Бутерус Р. Э. - «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкі, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и унафэщ Іыр *(зэгурыІуауэ)*

Гуэбэшы З - Г. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэр

Дэхъущокъуэ А. И. - «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам унафэхэр зезыгъакІуэ и директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Къэр А. М. - «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Къарэ М. А. - «Къэббалъккоммунэнерго» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Кладько И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык кІалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Кълътырбей Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и къэрал комитетым зэман къэкІуэнум энергетикэм зегъэужьыныгъэ инвестицІэ лэжьыгъэр къыззрызэгъэпэщар зэпкрыныкмкІэ и къудамэм и консультантыр *(ЗэзыгъэуІу советым и секретарщ)*

Кучменов ТІ. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Ладан К. Н. - «Энергетикэ системэ зэгуэтым и оператор» Кавказ Ищхъэрэ диспетчер Іэнатіэ акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Іуэхущ Іапі эу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм электроэнергетикэм и субъектхэм ядэлжьхьэныкмкІэ и кудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэсей С. Хь. - «Энергетикэ системэ зэгуэт федеральнэ сетевой компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и инженер нэхъыщІхьэм и къуэдзэр, а Іуэхущ Іапі эм Ипщэ щІыналъэм щыІэ и магистральнэ электросетхэмкІэ къудамэм оборудованэ нэхъыщхьэр гъэлэжьэныр кІыззгъэпэщыныкмкІэ и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мисиров Б. Хь. - «Электрокъарур тегуэшэныкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Мисиров М. Хь. - «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Натджэрий В. П. - Прохладнэ кІалэм и «КІала электросетэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Нэзэр Ю. И. - «Электрокъарур тезыгъашэ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Іуэхущ Іапі эм и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Уэзрокъуэ З. Хь. - «Хуабэзнергетикэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Соттаев А. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэлектростанц мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Сунш А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Тисленкэ К. Г. - «Энергетикэ системэ зэгуэтым и оператор» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІым и япэ къуэдзэр - а Іуэхущ Іапі эм Кавказ Ищхъэрэм щІыІэ и щІыналъэ диспетчер Іэнатіэм и диспетчер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрыр

Шорэн С. А. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къыдэкІуэщ Іапі эм и Кавказ Ищхъэрэ управленэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ электростанцхэмрэ сетхэмрэ, гидротехникэ ухуэныгъэхэмрэ хуабэ къэзылэжь Іэмэпсымэхэмрэ якІэлъыплъныныкмкІэ и кудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Яструбенкэ Е. В. - «Электрокъарур тегуэшэныкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам зэман къэкІуэнум зегъэужьыныкмкІэ и кудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

<u>Мылъкур къэралым итхыныкмкІэ, кадастрымрэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эмрэ «Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет Іэнатіэм и кудамэмрэ я хэщ Іапі эхэм пэублэу зыщрагъэтхыныкмкІэ щыІэ Іэмалыр.</u>

МЫЛЪКУР къэралым итхыныкмкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эмрэ «Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэ» Федеральнэ къэрал бюджет Іэнатіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кудамэмрэ я хэщ Іапі эхэм Урысей Реестрым и щІыналъэ управленэм и www.to07.rosreestr.ru сайтым, апхуэдэу Урысей Реестрым справкэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эр Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эмрэ «Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэ» Федеральнэ къэрал бюджет Іэнатіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кудамэмрэ я хэщ Іапі эхэм Урысей Реестрым и щІыналъэ управленэм и www.to07.rosreestr.ru сайтым, апхуэдэу Урысей Реестрым справкэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эр зэгуэтым и 800-100-34-34 номерым (Урысейм щыпщІэнщэщ) пэублэу зыщрагъэтх зэрыхъунумкІэ. Чэзур щызэтекІхэм деж, Къэрал кадастр учётым увынухэр, Ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым хъыбар къЕІызыхынухэр, ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ къэралым езыгъэтхынухэр, ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ зэрыгъэ Іэпхъуэ мылъкумрэ ятеухуэ хъыбархэр Зыуэ щыт къэрал реестрым къеІызыхынухэр операторхэм ятхынущ.

Зрагъэтхын щхьэкІэ кадастр паспортым хуейкъым

«ЯМЫГЪЭІЭПХЪУЭ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ къэралым зэритхым и Іуэхукі э» Федеральнэ закон №122-ФЗ-м (адэкІэ - зэратхымкІэ Закон) хальхьа зэхъуэкІыныгъэхэм зэрыщыубзыхуамкІэ, ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэр къэралым ирагъэтхын папщІэ, объектым и кадастр паспортым хуейкъым. Ар екъэлІащ уней лъапсэмкІэ яІэ хуитныгъэхэр («дачэ амнистие») нэхъ къызэрыгуэкІыу къэралым зэритх щІыкІэми. Ауэ къыхэгъэщыпхъащ, зэратх Законым щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуахэр хэмыту, дяпэкІэ къэралым итхыну щыхуитыр «ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Іуэхукі э» Федеральнэ закон №121-ФЗ-м ипкъ иткІэ, ямыгъэ Іэпхъуэ объектыр щхьэкІэ къалъыта нэхъыщІ. Арыншауэ яІэ хуитныгъэр къэралым яхуитныкъым.

Нэгъуэщ Іу жьпІэмэ, Мылъкур къэралым итхыныкмкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм, «Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэ» ФГБУ-м и щІыналъэ къудамэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэхэр яхуэщ Іэныкмкі э къалэн куэд щыгъэзащ Іэ центр» ГБУ-м я хэщ Іапі эхэм тхылъхэр щраткІэ, ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкум и кадастр паспортыр ямыгъэлъагъуэми хъунущ. Ауэ документхэм я правовой экспертизэр щрагъэкІуэкІкІэ, къэрал регистратурым (зытхым) а псэуалъэр ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкум и кэрал кадастрым хигъэтэн хуейщ. Ар екъэлІащ суд унафэкІэ мылъкур щІыхум еІуэ къыхэралытэ щІыкІэми.

Заявкэхэр нэхъ тыншу ятын папщІэ, ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкур кадастр учётэ зэращІ, абыкІэ яІэ хуитныгъэр къэралым зэритх щІыкІэр зэгІуу щыІыпІэм (зы щхьэтъубжэм) зэрыщызэфІагъэкІым гу лъывдзагъэтэну дыхуейт.

Тхылъхэр «зы щхьэгъубжэм» ират

ЩІЫ ІЫХЬЭМКІЭ яІэ хуитныгъэхэр зэрыщІагъэбыдэр кІэухуэу къэралым зэритх Іэмалырщ. ЩІы Іыхьэмкі э яІэ хуитныгъэр щатхынур абы пыщІа Іуэхугъуэхэм ящыщ зы ягъэзащІэмэщ:

1) щІы Іыхьэр кадастр учётым ягъэувмэщ;

2) уней подсобнэ, дачэ хозяйствэ щыізэрахьэн, хадэ щащІэн, жыг щагъэкІын, гараж е уней лъапсэ щаухуэн щхьэкІэ хухахауэ «ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Іуэхукі э» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м кыдэкІа Федеральнэ закон №221-ФЗ-м (адэкІэ - Кадастрым и Іуэхукі э закон) ипкъ иткІэ нэхъ пасэу ятхамэ.

Мыбдежым щІы Іыхьэхэр ятхауэ кІалъытэ:

Кадастрым и Іуэхукі э законым къару имыгъуэт щІыкІэ (2008 гъэм гъатхэпэм и 1-м и пэ къихуэу), законодательствэм къызэригъэувым тету, къэрал кадастр учётым ягъэувахэр;

Къэрал кадастр учётым щымыту «ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ къэралым зэритхым и Іуэхукі э» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №122-ФЗ-м зэрыщыубзыхуам тету ираГъэтхыдыІауэ щыта щІы Іыхьэхэр.

Нэхъапэм щІы Іыхьэм зэрыхуитымкІэ тхылъхэр къыІахьи щхьэкІэ, кадастр учётым щагъэув, къэралым щитх Іуэхущ Іапі эхэм пІэнейрэ зыхуагъэзэн хуейт: заявленэр ятын, щІы Іыхьэм и кадастр паспортыр къыІахьи папщІэ «ЩІы кадастр палатэ» ФФГБУ-м тІэунейрэ, Мылъкур къэралым итхыныкмкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр кудамэми апхуэдизрэ (заявленэр ятын, щІы Іыхьэм зэрыхуитымкІэ къэралым зэритхам и щхьэт тхылъыр къыІахьжкІи щхьэкІэ).

«Зы щхьэгъубжэ» Іэмалым а псори нэхъ тынш ищІащ. Кадастр учётым щагъэув, къэралым щитх Іуэхущ Іапі эхэм тхылъхэр ратын папщІэ, «Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэ» ФГБУ-м и щІыналъэ къудамэм иджы зэрызыхуагъэзэнур зэ закъуэщ. Документхэр зэхуагъэкІуа нэхъ, кадастр учётым зэрагъэувамкІэ кадастр паспортыр е абы къытратхыкІар (выписка), ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэр зэратхамкІэ щыхьэт тхылъыр иратыж.

Нэхъапэм кадастр учётым ямыгъэува щІы Іыхьэр тхылъкІэ зэгъэбыдыІауэ гъунапкъэр зыгъэбелджылы план зиІэм а Іэмалыр къитгъэсебэн хъунущ.

ЩІы Іыхьэр кадастр учётым зыгъэувахэм уней подсобнэ, дачэ хозяйствэ щыізэрахьэн, хадэ щащІэн, жыг щагъэкІын, гараж е лъапсэ щаухуэн щхьэкІэ нэхъапэкІэ хухаха щІы Іыхьэр тхылъкІэ зэгъэбыдыІахэм абыкІэ яІэ хуитныгъэхэр къэралым щрагъэтхкІэ щІэзыгъэбыдэ тхылъымрэ кадастр паспортымрэ хуейкъым.

Мылъкур зейм Іэмал иІэщ и хуитныгъэр зэратхамкІэ зэрымыарэзыр къитгъэлъэгъуэну

«ЯМЫГЪЭІЭПХЪУЭ объектхэмкІэ яІэ хуитныгъэхэр къэралым зэритхым, къэрал кадастр учётым зэрагъэувым теухуауэ Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м кыдэкІа Федеральнэ закон №250-ФЗ-м къару зэригъуэтам и фІыгъэкІэ, ямыгъэ Іэпхъуэ объектым и Іуэхум хэлъ мыарэзныгъэхэр ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ щатх Зыуэ щыт къэрал реестрым иральхьэн папщІэ, Урысей Реестрым и управленэм тхылъкІэ зыхуагъаз э хъунущ. Ар тещІыхьащ ямыгъэ Іэпхъуэ мылъкум и рынокым хэтхэм хабзэкІэ я хуитныгъэхэмрэ я сэбэн зыхэльхэмрэ я шэсыпІэр щІэгъэбыдэным, ямыгъэ Іэпхъуэ объектхэм теухуа зэгурыІуныгъэхэр щызэращІылкІэ хальхьэ гъэпщІагъэхэр гъэмэщІэным.

Ямыгъэ Іэпхъуэ объектыр зыбгъэдэльам и хуитныгъэр зэратхамкІэ зэрымыарэзыр къитгъэлъэгъуэну Іэмал иІэщ. Ямыгъэ Іэпхъуэ объектымкІэ иІэ хуитныгъэр зэратха щІы Іэр зэримыдэр, къита тхылъым ипкъ иткІэ, хуитныгъэхэмкІэ Зыуэ щыт къэрал реестрым иральхьэ.

Ямыгъэ Іэпхъуэ объектым хуитныгъэ гуэр хузиІа дэтхэнэми ар бгъэдэльауэ къалъытэ. Иужьрейуэ зыІэщІэльам и мызакъуэу, и пэкІэ зыІыгъа псори абыхэм хабжэ.

Ямыгъэ Іэпхъуэ объектымкІэ яІэ хуитныгъэр зэратха щІы Іэмкі э зэрымыарэзыр ЕГРП зэрыралъхьэм щхьэкІэ, пщІэ Іахьыркъым.

ЩІымкІэ законодательствэр къызэпызыудхэм тралъхьэ хъуэдым хэхъуащ

«УРЫСЕЙ Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» 2014 гъэм мазаем и 3-м кыдэкІа Федеральнэ закон №6-ФЗ-м щыубзыхуахэм 2014 гъэм мазаем и 15-м щегъэжьауэ къару ягъэятащ.

«Гъавэ щІапІэхэр зэрызэрахьэм и Іуэхукі э» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м кыдэкІа федеральнэ закон №101-ФЗ-мкІэ зэкІэлъагъакІуэ мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу къэкІыгъэхэр щызэрахьэн е абы пыщІа нэгъуэщІ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІын папщІэ хухаха щІы Іыхьэр зытращІыхьа пІалъэм кьриубдэу къызэымыгъэсебэпхэм, КоАП-м и 8.8-нэ статьям и 1.1-нэ Іыхьэмкі э, административнэ къуэды тралъхьэ. Законым игъуэта зэхъуэкІныныгъэхэм якъэ иткІэ, щІым и кадастр учётым и процент пщІаницым къыщыщІэдзауэ и процент пщІанитум нэс, ауэ сом минищ нэхъ мынэхъ мащІэ щІыхухэм; щІы Іыхьэм и кадастр уасэм и процент пщІанитум щегъэжьауэ и процент 1,5-м нэблагъэ, ауэ сом мин 50 нэхъ мынэхъ мащІэ унафэщІхэм; щІы Іыхьэм и кадастр уасэм и процент 2-м къыщыщІэдзауэ и процент 10-м нэс, ауэ сом мин 200 нэхъ мынэхъ мащІэ Іэнатіэхэм хуоз э.

Административнэ къуаншагъэр зэхьэІа щІы Іыхьэм и кадастр уасэр зыхуэдэм елытауэ административнэ тезырыр щытралъхьэкІэ, КоАП-м и 3.5-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм тращІыхь. Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, КоАП-м и 8.8-нэ статьям и 1.1-нэ Іыхьэмкі э административнэ къуэдыр сом мин 500-м щІигъу хъунущ.

Я полномочиехэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэм якъэ иткІэ, Мылъкур къэралым итхыныкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапі эм (Урысей Реестрым), абы и щІыналъэ къудамэхэм щыщ къулыкъущ Іэхэм кьадэкІуэу, Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныныгъэмкІэ федеральнэ службэм (Урысейм Мэкъумэш кІэлъыплъныныгъэмкІэ и Іэнатіэм) и унафэщІхэри хуитщ КоАП-м и 8.8-нэ статьям и 1.1-нэ Іыхьэмкі э административнэ къуаншагъэм теухуа Іуэху къызэІуахыну.

Тхылъхэр щызэхуагъакІуэ къэрал фондыр

КЪЭРАЛ Іуэхутхъэбзэхэри хэту, щІы Іуэхур щаубзыхукІэ къэрал властым и органхэм, щІы Іуэхум и самоуправленэм и Іэнатіэхэм, Іуэхущ Іапі эхэм, щІыхухэм кьагъэсебэп тхылъхэм я копиехэм я фондыр (хъыбархэр щызэхуахьэс кьэрал фонд - адэкІэ ГФД) зэхуэгъэкІуэныгрэ хъумэныгрэ Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр кудамэм и лэжьыгъэм и унэтІныныгъэхэм ящыщ. Мы Іуэхутхъэбзэм пщІэ щІатыркъым.

ЩІы Іуэхур щаубзыхукІэ кьагъэсебэп документхэм ящыщу ГФД-м ихъумэхэм хохьэ:

- щІым и щытыкІэр зэраджым теухуа-хэр;
- щІым и убзыхукІэм, зэгъэзэхуауэ къызэрыгъэсебэныпхъэм, зэрыхъумапхъэм теухуахэр;
- щІым и щІыналъэ убзыхукІэм теухуа-хэр;
- Іэнатіэм и щІы убзыхукІэм теухуа-хэр, нэгъуэщІхэри.

- «ЩІым и убзыхукІэм и Іуэхукі э» 2001 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м кыдэкІа федеральнэ закон №78-м и 24-нэ статьям ипкъ иткІэ, щІыр щаубзыхум кьагъасебэпа тхылъхэр федеральнэ мылъкущ икІи уней (приватизацэ) ящІыну хуиткъым. ЩІы Іуэхур зыубзыхуэм я кьалэнщ а лэжьыгъэм теухуауэ ягъэхъэзыра тхылъхэм я экземпляр ГФД-м иратыну.

Къэрал властым, щІыпІэ самоуправленэм я Іэнатіэхэм, кадастр инженерхэм, Іуэхущ Іапі эхэмрэ щІыхухэмрэ ГФД-м щахъумэ тхылъхэр кьагъэсебэн.

Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр кудамэм я щхьэкІэ зыхуагъаззэмэ, зыхуей документхэр е хъыбархэр ГФД-м щагъэуэтынущ.

ЩІэупщІэм е абы и лЫкІуэм езыхэр зихэтым я щыхьэт тхылъхэр яІыгъын хуейщ.

ГФД-м и хэщІапІэр:

Налшык кІалэ, Лениным и цІэр зезыхь уэрам, 5-а, 402-нэ пэш. Лэжьэгуэ махуэхэм пщэдджьжьым сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ щІыухэр ирагъэблагъэ. Телефоныр: 40-17-39

Дачэ амнистиер щиух пІалъэр

«ЦІЫХУХЭМ ябгъэдэлъ ямыгъэІэпхъуэ мылъку щхьэхуэхэр нэхъ къызэрыгуэкІыу тхыным теухуауэ Урысей Федерацэм и языныкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» Федеральнэ закон №93-ФЗ-р, «Дачэ амнистием и закон» зытеІукІар, 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м кьащтауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ, «Къэрал щІы кадастрым и Іуэхукі э» 2000 гъэм щІышьлэм и 2-м кьыдэкІа федеральнэ закон №28-ФЗ-м, «ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэр, аxэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэр къэралым зэритхым и Іуэхукі э» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта федеральнэ закон №122-ФЗ-м хальхьа зэхъуэкІныныгъэмрэ дэщІыгъуэныныгъэхэмрэ 2006 гъэм фокІадэм и 1-м къару ягъуэтащ.

Мы законыр тещІыхьащ щІыхухэм яІгъэдэлъ щІы Іыхьэхэр, абыхэм тет псэупІэхэр, гаражхэр, дачэ унэхэр зэратхыр нэхъ къызэрыгуэкІ щІыным.

2015 гъэм гъатхэпэм и 1 пщІондэ «Дачэ амнистие»-м пащэнущ. 2010 гъэм щІышьлэм и 1-м ирахыу 2015 гъэм гъатхэпэм и 1 хъуху а пІалъэр зэрахьым теухуа зэхъуэкІныныгъэхэр «ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ къэралым зэритхым и Іуэхукі э» Федеральнэ законым, «Урысей Федерацэм и Кьалэхуэу и кодексым кьару зэригъуэтым и Іуэхукі э» Федеральнэ законым, «Урысей Федерацэм и Кьалэхуэу и кодексым кьару зэригъуэтым и Іуэхукі э» Федеральнэ законым, «ЦІыхухэм ябгъэдэлъ ямыгъэІэпхъуэ мылъку щхьэхуэхэр нэхъ къызэрыгуэкІыу тхыным теухуауэ Урысей Федерацэм и языныкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хуэщІынымрэ Іуэхукі э» Федеральнэ законым халъхьащ.

Законодательствэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэм щІым пыщІа Іуэхугъуэмрэ ар зейхэм ящигъэпсынщІэнущ:

1. ЩІЫР зыбгъэдэлъу мылъкумкІэ яІэ хуитныныгъэхэр зи тхылъхэм Іупщ Іу щымыгъэбелджылы щІыхуэр.

Апхуэдэхэм ящыщу кІалъытэ щІэину къыхуэна щІы Іыхьэр псэухукІэ зэрейм е зэпымыуэу (пІалъэншэу) кьигъэсебэпыну зэрыхуитым теухуа документ зиІэхэр, апхуэдэу щІы Іыхьэм зэрыхуитыр хэхуэу зи тхылъым кьыщымыгъэлъэгъуахэр (зи хуитныныгъэ «зэІымыбзхэр»). Мыбдежым ахэр щІы Іыхьэм зэрыхуитыр занщІэу законым щІегъэбыдэ. Кьэнжьыр абыкІэ я хуитныныгъэр хабзэм тету кьэралым егъэтхынырщ.

2. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэ щІапІэхэм, дачэ зэгуэныгъэхэм е кооперативхэм щІы Іыхьэ щызыІыгъэу абы зэрыхуитымкІэ тхылъ гуэри зимыІэ щІыхуэр.

Апхуэдэхэм ящыщу кьалъытэ, кьапщтэмэ, зэрыжьыгъэкІым е зэгухьэныгъэм (кооперативым) зэрыхэтым я щІыхьэт тхылъ зиІэхэр. Кьагъэсебэп щІы Іыхьэр щІэнщэу унейуэ ирагъэтхыну законым хуит ещІ. Абы щхьэкІэ щІыпІэ администрацэм зыхуагъэзапхъэщ. ТхьэмахутІым кьриубыдэу зыдэуэ аращ- унафэ кьащта нэужь, щІымкІэ яІэ хуитныныгъэр ирагъэтхын хуейуэ аращ.

Уней лъапсэм (ИЖС) хухаха щІы Іыхьэхэмрэ подсобнэ хозяйствэ щызэрахьэхэмрэ тращІыхьа псэупІэ унэхэмкІэ яІэ хуитныныгъэхэри дяпэкІэ нэхъ къызэрыгуэкІыу ятхынущ. Подсобнэ ухуэныгъэхэр я цІэкІэ ирагъэтхын щхьэкІэ кьагъэсебэпыр унэм и кадастр паспортым и закъуэщ. Ухуэныгъэм зэрыхуитымкІэ тхылъи, ар хьэзыр зэрыхъуамкІэ акт гуэри хуейкъым.

- Хадэ, дачэ щІапІэхэм щащІа унэхэр, гаражхэр, кьэщапІэхэр, уэршэрпІэхэр, нэгъуэщІ ухуэныгъэхэр «дачэ амнистие»-м тету ятх. Абы папщІэ, ухуэныгъэм теухуа декларацэ жьихуаІэр езыхэм зэгъэхьэзырыж. Абы кьыщагъэлъэгъуэн хуейщ и хэщІапІэр зыхуэзэр, и теплъэр (зэреджэр), щЫуэ иубыдыр, щащІа гъэр, блыныр зыхуэзэр, инженер-техникэ сетхэм зэрыпадзамкІэ хъыбарыр, зытет щІы Іыхьэм и кадастр номерыр.

Унэ фухуамэ, жьым и пІэм щІэ щывгъэувамэ, Урысей Реестрым и Іуэхущ Іапі эм тхылъкІэ зыхуэвгъаз э

УНЭ ЗЫЩІЫНУР е жьыр здэщыта щІыпІэм щІэ щызыхуэунэр зэрыщымыуэным етупсысыпхъащ.

Уней псэупІэр ирагъэфІэкІуамэ е абы пащІыхьІамэ, унэжьымкІэ яІэ хуитныныгъэр къэралым зэритхам кьару зэримыІэжьым теухуауэ тхылъ ятын хуейщ. ОбъектыщІэм зэрыхуитыр къэралым итхми, Зыуэ щыт къэрал реестрым псэупІэжьыр кьранэ, зейм и хуитныныгъэр занщІэу къызэтрагъэувыІэркъым. Абы зэІымыбз кьимышэн щхьэкІэ, япэрей объектым Іуэху зэрыхуамыІэжьымкІэ тхылъ ятыпхъэщ.

Унэ нкьуэущІымкІэ яІэ хуитныныгъэр Урысей Реестрым ирагъэтхын хуейуэ кьащылъкьуэкІ щІэщ. А псэупІэр хьэзыр зэрыхъууи, зейм тхылъкІэ щІигъэбыдэну кьыпэщІыщ. Апхуэдэм деж, унэ хьэзырымкІэ иІэ хуитныныгъэр зэратх тхылъым щІыгъуу псэупІэ ныкъуэщІым зэрыхуимытыжьым теухуари итыпхъащ.

Унэжь кьутам е мафІэм исам и пІэм щІэ щаухуамэ, псэупІэжьым зэрыхуимытыжьымкІэ тхылъым щІыгъуу, ар зэрыІуахам щыхьэт техъуэ полномочнэ Іуэхущ Іапі эм и документи ятын хуейщ (псалъэм папщІэ, мафІэм зэрисамкІэ актыр). Армырамэ, ухуэныгъэщІэми, унэжь щымыІэжми ямыщІэныгъэкІэ налог тралъхьэнкІэ хъунущ.

ПсэупІэжьым зэрыхуимытыжьыр ирегъэтхын щхьэкІэ, тхылъ зытым пщІэ Іахьркъым. Абы кьэрал пошлинэ техьэркъым. Ауэ унэщІэмкІэ яІэ хуитныныгъэхэр езыгъэтхынухэм хуэзэр ятыпхъэщ. КьищынэмыщІауэ, ухуэныгъэщІэр ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ кьэрал кадастрым и учётым зэгъэувын хуейщ.

СОБЛЫР Беслъэн,

Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм и унафэмрэ зэратх щІыкІэмрэ зэкІэлъыгъэкІуэным пыщІа лэжьыгъэхэр зэгуІуу къызэгъэпэщыныныкмкІэ и кудамэм и унафэщІ.

Мылъкурэ щІымрэ

● Къэрал хабзэхэр

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

«Коммунист» (иджы - «Бакданский вестник») газетым и япэ номерыр къызэрыдэкІрэ мы гъэм илъэс 75-рэ ирокъу.

Бахъсэн щІыналъэм и жылагъуэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэр нэсу къэзыгъэлъагъуэ газетым и журналистхэм щІэх-щхьэхрэ яхуеблагъэрт зи цІэр фІыкІэ республикэм къэралми щыІуа цІыху гуащІафэхэр.

Сурэтым (сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ): **газетым промышленностымкІэ и къудамэм и унафэщІ Прохоров Владимир, мэкъумэшымкІэ и къудамэм и Іэтащхьэ Хъэндэхъу Темыржан, уэрэджьыІакІуэ Тут Заур, газетым и редакторым и къуэдзэ Уэрыш Нурхьэлий, Бахъсэн типографием и лэжьакІуэ Алокъуэ Михаил сымэ.** *1970 гъэ, бадзэуэгъуэ мазэм и 31*

Дуней хьэхур, бжьэ къэпщIауэ, дыгъур дыгъум йодыгъуэж

Хьэсэни (Тхьэзэплъ Хьэсэн) и рубаихэр

* * *

ЦIыхухъу гущIэм уэ узышэр, Тхьэ щызоIуэкIэ, мынэпс.
Ахэм куэдрэ къащохъур мазэу пшагъуэм укъыхэпс.
Дэнэ кIыпхрэ уэ а нурыр узэщIишэу, уищIу щэху,
Умылъагъуу щхьэкIэ иIэу, умылъагъуу иIэу къуэпс?

* * *

Уэ насып зезыхьэ бзуу, пщIыхь ешар кIыболъэтыхь -
Вагъуэ цIыкIу гъэщэ къэкIуауэ, ещхьщ гурыщIэхэм хэплъыхь,
Дынопхъуэну дыплъэIэскъым, дыплъэIэсми - уолъэтэж.
Уэ унахуэу укъэмыкIуэу, щхьэ ухэт дапщэщи пщIыхь?

* * *

Ей, бгъуэщIэс, кIысхуигъахъуэт фальэм изу шагъыр,
КъыщIыгъуж, ущымысхым, хьэлу Iыхьэ тыкъыр.
Уэ, тхьэмыщкIэр щомышIыт уи цIыху кIуапIэм Iумпэм,
Ари, пщIэкъым, зэгуэрым щIапIыкIами лы гъур.

* * *

ТкIуа ди гъащIэр ди щIыбагъым тезырзехьэу кIыдохьэж, -
Жьыри щIэри кIымыгъанэу псы щхьэлыжьу дэ дехьэж.
Сыту пIэрэ апхуэдизу ди дыгъуасэм дэ етщIар,
КъытфIигъэщIу ди кIэкIуэныр ди щIыбагъым щыкъуилъхьэн?!

* * *

Уэбзэр лъэпкъыжь щIэгъэкъуэну, уэрэдыр и дамэу къокIуэкI.
А дамэм, гу хьэпскIкIэ иIэту, нэхъ жыжьэ дунейхэм хуоплъэкI.
Абы и лъэ макъыр гум щоIур, хиш лъагъуэм удыжь темыкIэж:
Зыгуэрхэм ягъэш жыхьэнмэмкIэ, зыгуэрхэр жэнэт хуопIэщIэкI.

* * *

Щхьэмыгъуагъэр ямыщIэжу, цIыхухэм гъащIэр ящI лъыщIэж.
ПцIы мышу зезыхьэ куэдми, пщIыхьхэм хэтми, ар ящIэж.
Ахэр, дауи, бгъэкъуэншэну - къакъуэкIынущ мыгъуэ куэд,
Ауэ къуаншэу зилъытэжу сэ цIыху гуэри сымыщIэж.

* * *

Лъэпкъ хьэлыр, лъэпкъым и хабзэжьыр щакъутэм, къешэ мыгъуэ ин.
ИтIани ар ялъагъу хуэмыдэ, я блэкIа дахэр ящI щIэин.
Щоужьых апхуэдэм псэм и гуащIэр, IэфIыгъэр дыджым хоткIухьыж,
ТхьэмыщкIагъэшхуэм хэджэлахэм къахуэмынэжу ягъеин.

* * *

Къысхуигъахъуэт щхьэгъэрытым, къысхуигъахъуэт, си къуэшыжь!
Сэ мы кIуапIэм сыкъыщIэкIуэр си гур хъуащи арщ хъижьыпIыжь.
ШыкIэпшынэри си гъусэу тIэкIу гъэпыхьэ, кIыпшэу нэпс,
Си псэр нобэ схуэмыпыIэу къелъыхъуэж гухэлъ лъэужь.

* * *

Сэ уи нэгум къызоджыкIыр цIыхуу щы1эм я гъащIэу хъуар,
Дуней цIыхум кIапэщылъу псэм зыхищIэу къадэхъуар...
Ей, цIыху цIыкIуу, цIыху гуащIафIэ, сыту гугъуу хэпшрэ гъуэгу,
Лъэпкъ цIыкIу-цIыкIуу икъухьахэр зэрыкIуэну къалъыхъуар.

* * *

УелъэIуа къудейкIэ Тхьэшхуэм уэ гуэныхь кIыпхуигъэгъун...
Псэрэ гукIэ зэхыумыщIэм, дэнэ ар къыщIыплъыхъуэн.
Уи ичрамым, Іиман хэльу, Іулыдж хуиIэу гъащIэр пхыым,
Уэ уитынкъэ Тхьэ Іумэтым, къурмэн ди псэр зыхуэхъун.

* * *

Чэнджэщ тыныр зыфIэфI цIыхур, нэгъуэщI гуэрым хуэзэжам,
Хуэшэчынут, а нэгъуэщIым жиIэу хъуар чэнджэщ хъужам.
Ахэр зэщхьу кIигъэщIамэ, ар цIыхуитIу пхужыIэн,
Зым и ныкъуэр зым и ныкъуэу, зыр нэгъуэщIым хуэзэшам.

* * *

Махъшэ чырэр псы Іуфэм Іутыгъуэ, мэтхъэж.
Дэри гъуэгукIэ дешауэ, ди жеипIэм допщхьэж.
Ауэ уэгум и Іэхъуэм дигъэпIащIэу деIэт,
НэрыгъапщIэ гъуэгупщIри ди фIэщ хъууэ дожьэж.

* * *

ЛIэщIыгъуэжьхэр пшахъуэ хъужу, къалэжь куэд щIэин здэхъуам,
Къыщыхъу щIэблэр насып лъыхъуэу, зауэ-банэу къыщыхъуам, -
Я пшахъуэщIым ситщ зысплъыхьу, - си гур тхыдэм кIуэцIроплъ -
Адди сэ щыслъагъум хуэдэщ си псэр куэдрэ зылъыхъуар.

* * *

Ди тхыдэжьхэм кIыпхыкIауэ шу тхьэрыIуэ гупэ,
Итщ лъэпкъ щIыгум Тхьэ елъэIуу, ежьэу я насып.
ЩIэблэр йоплъыр ахэм щыму, бгы сыджитIри щымщ,
Псэми, хуарзэу кIилъыхъу куэдыр, гущIэм къыщецып.

* * *

Псэ псэхупIэу жэнэтыр жейIэфI дахэу ягъэIу.
Ауэ дэ ди сулътIаныр си абы щIэмылъэIу.
И фыз къомыр кIигъанэу, ар жэнэтым пхуэкIуэн?!
КъигъэщI псор щыжэнэткIэ, кIыслъымысу бэIутIэIу.

* * *

ЦIыху напитIхэр, бэ къэгъапщIэу, хуитыныгъэм топсэлъыхь.
Йоплъ цIыхубэри абыхэм, къащыхъу хуэдэ я Алыхь.
Ахэм деплъым, дыззэплъыжу, кхахь-яхыжым дыщIапIыкI, -
Зыр мэпIащIэ, зым кхыжьэдекъуэ, ящIэ хуэдэ Іуэху бэлыхь.

* * *

ЦIыхум гъащIэу кIритамкIэ, и ажалыр къещэхуж -
Ар имышIэ зыщигъэхъуу, гъыурэ-бжэурэ зеущэхуж.
Сыт ищIэн, дунейм и IэфIым куэду дыджи хэжьыхащ,
Ар а дыджым IущIэ хъуамэ, IэфIыу хъуари IэщIохуж.

* * *

ЩыIэщ хьэжь, и банэ макъкIэ ириушту хьэхэр цIыху.
Мис апхуэдэ хьэ уштакIуэр уэри сэри фIыу доцIыху.
Абы ещхьхэр хуейщ псэуну, дыгъужь пхъуэкIэм есэжау,
Ауэ щыхъукIи, а щэкIуэным щыужакэу - хъуау хуэмыху.

* * *

СулътIаным и бэракъым зэгуэр дэ дыщIэтащ,
Дунейри пщIыхь зэпыту дэ къытщигъэхъу пэтащ.
Иджы кIыцэтетхауэ ди нитIыр, зыдоплъыхь:
ЩыIахэм щыщ щыIэжжъым, къэнаIам хаутащ.

* * *

СулътIаным и гуэн изыр, игъэпщкIу щIидза нэужь,
Нэпсей зэрыхъу нэщэнэм къыпщохъур и Іэужь.
Абы и дыщэ куэдыр жьгъырууэ игъэIу фIэкIа,
Сыт цIыхум хуищIэфыну, къэнэну и лъэужь.

* * *

Бэзэр къан щауэм и бзэрэбзэкIэм, ажэ къеГъафэ ущу.
КъехьэкI-нехьэкIи имыIэу хьэлкIэ, зыкъыпщегъэхъур Іущу.
Уи гум кIэрыпщIэу, уи псэр итхьэкъуу, пцIы щыIэщIэкIи щыIэу,
Бэзэр къан щауэр дэнкIи щокъакъэ, и бзэр емыш-мыгъущу.

* * *

Кхъуэщыным щимытыжым, бгъущIэсри щынэщхъейм,
Сыт ищIэжьын фадафэ шагъырыр зи нэхъуейм.
А махуэ гугъухэм щыгъуэ, хэт ищIэрэ а псор,
Кыыхишми ди Тхьэшхуэм фадафэр а лыгъейм.

* * *

Иджы фэ, си ныбжьэгъухэм, си рубаи фэстынщ, -
А тхыгъэр Хьайам лъапIэ фэеплъ хуащIам хэтынщ.
ПхырекI ди лъагъуныгъэр, лIэщIыгъуэ Iэлу хъуам,
Ди ноби ещхьщи ахэм, дыззэпэджэжми хъынщ.

* * *

Уафэ макъыр зэхэзыхыр гугъуехь куэдым ящI бэшэч.
Ахэр, гъащIэм и хъумакIуэу, цIыху Іэмырыр зэпашэч.
Дэ, цIыху цIыкIу гъэщIэгъуэныщэр, даурэ дыхъуми допсэу:
ДыщыгуфIи, дыщыгубжьи, дыщыгъуэги псэм тхуешэч.

* * *

Бжьэ яIэт гуфIэгъуэ щхьэкIэ, зым щымыщми хуаIэт.
ЦIыху фадафэр ефэн щхьэкIэ фалъэ къэскIэ хущолъэт.
Абы хуэдэхэр щыIуэщхъукIэ шейтIан зауэм хэт къыпфIощI,
ШейтIан гупым къаубыдауэ зыкъом щIауэ ямыгъуэт.

* * *

Губгъуэрысхэм хаша гъуэгукIэ, махъшэ чырэ къызошэкI.
Гъэзгур кIыхьщи, дыгъи мази щIым зыкъомрэ къожэкI.
Махъши цIыхуи я гугъуехьыр хьэлъэ хъуащи, я лъэр щIоху,
Дэ, итIанэми, ерыщу ди псэм дешэ иIэху лъэкI.

* * *

СыткIэ хуей хъамутым шыдыр, хъуам шыдыгу емызэгъыж.
Абы щыгъуэм ар щIащIэжкъым, хуейм иужькIи ирегъыж.
Дэри, цIыхухэр, дыапхуэдэщ: нэхъ тхьэмыщкIэ хъур нэхъ шыдщ,
И гугъуехьри, и шыдыгъэм ещхьу, хуэдэщ иIыгъыж.

* * *

Уеджэлэхьм утэджыжу гъащIэ гъуэгур пкIуа нэужь;
Тхьэшхуэм гущIэр зэщIигъэсту ищIым дахэр уи Іэужь, -
Къыпхуихъунэу къуита гъащIэр, упхыришу гъэхэм арщ,
Ди щIыгу цIахуцIэу джэдыкIапщIэм къыщигъанэу уи лъэIужь.

* * *

ТхьэшхуэмхуаскIэ къытхилъхьахэр ужьыхьжу мэкIуэдыж.
Зэзэмызи, псэ гъуэщэгъуэм, цIыхур тхьэмкIэ йокIуэтыж.
Ди гупсысэ нэхъ Іэтахэр, вагъуэ куэщI джэдыкIэу илъщ,
Жьыжьи доплъэ, ауэ тлъагъукъым, къэтлъагъуIами - ягъэпщкIуж.

* * *

ЖаIэ, губзыгъащэу ущытынри шынагъуэу,
Ухьэлэболэжьми - ари акъыл дагъуэу.
Дауэ-тIэ цIыху цIыкIум хуэхъумэн губзыгъэр,
Апхуэдэ гупсысэр гъащIэм щагъэбагъуэу.

* * *

Лъагъуныгъэр пшагъуэ хуэдэ, гум къытопщхьэри топщыж.
Зэзэмызи ар къыпщохъур гущIэгъэстым и лъэмыж.
Ярэби, кхыжьIэт, дадэ, ар псэджакIуэу гущIэрыс,
ЦIыхур зэм игъэнэщхьейуэ, зэми хуэхъуу псэм IутIыж.

* * *

Сыт гъащIэм щIэщыгъуэу хилъагъуэр, нэф-дэгухэм я пщыжу нэф-дэгу.
Сыт иIэ абы игъэщIагъуэу, щIэмыкIыу щIэтыну и нэгу...
Хэт дапэ итын жыжьэрыплъэу, зэгъуэр дыдищIыу дишэн,
Гу хъуэскIэр къарууэ зэхилъхьэу, хишыну цIыхубэм ди гъуэгу?

* * *

Уэрам хьэцууэ фадэ пежажьэу дэст зы щIалэжь ди къуажэм.
Хьэлэболэжьу къалъытэ щхьэкIэ, ар ещхьыркъабзэт бажэм.
Блэ щахъу и лъапсэр щыфIэдзэпIэнщэу, «бохъу апший» защIэу псэурт,
ИтIани, къакъэу, зигъэкъан - къазу, ещхьт мэл гуартэшхуэ ажэм.

* * *

Теубгъуауэ дунейр тхьыну дэ къыщытхуиухым,
ТэмакъкIыхь дищIар нэхъыбэщ, гъащIэ бжэр щыIуихым.
Дэ итIани тлъэф ди гъащIэр уэсэпс кхъухь кхытфIощIыр,
Ди фэ дэкIри идогъэщхьыр вым бахъеI щхьэщихым.

* * *

Бадзэм и гъуэр кIиулъэпхъэщу бадзэм и бзэр зыIуэтэф,
Блэ щэрэзым пылъ и щхъухьыр гъуэ кIымыпщу зыкъутэф
ЩыIэу жалэри, щIагъужьр, уи фIэщ мыхъууи къэнэн:
Жьыри щIэри къегъэдаIуэ, жьэм жьэ тебзэ тредэф.

* * *

БлэкI лъэхъэнэр, ди сулътIаным жеIэ, дыщэ жылэу,
Езым щыгъыр зэрыщытым щхьэкIэ бухъар шылэу.
Ар зылъагъуми къыщегъэхъур езыр мыкъытIкIысу,
Куейр абы иIыгъщ итIани, цIыхухэр гущтэ-гуIэу.

* * *

Ди гъунэгъур зым щокъакъэ, нэгъуэщIыпIэ щокIэцIыж.
Ар ямыщIэу щыткъым къуажэм - цIыкIуи ини зэпадзыж.
А тхьэмыщкIэм ищIэ псори бзэм нэмысу хуэмыгъэщкIу,
Абы щхьэкIэ, щымыкъуанши арэф къуаншэу къыщIедзыж.

* * *

Хэти сыти жыреIэ - ноби ди пхъэ къикIакъым.
Дэ ди жыпхъэ итахэм заIэтакъым я макъым.
НэгъуэщI кIий-гуоуахэм псым тхъу-дагъэ къыщIаху,
Дэпщеями лъагапIэм темызагъэ шордакъым.

* * *

БампIэ зыгъэвхэу бгъэрыхь шууейхэм пашэжь ямыIэж.
Бжьыпэ щIэтахэри бжьыкIэ ихуауэ, темыпыIэж.
Зи бзэр дыкъуакъуэу ныкъуакъуэрейхэм фоупс къожэх,
Бзэгъу ипльэрейхэм, я нэр хъарпшэру, жаIэн ямыщIэж.

* * *

Ди сулътIанышхуэр и бзэкIэ IэфIщи, IупэкIэ бзу къеубыд.
Ауэ блэгущIэту вы уанэ телъхьэхэм я гур яхуреуд.
АдэкIи-мыдэкIи мапльэ-мэзакIуэ, псоми дерс гуэр къыхех,
Бгъэныщхьэ щIэсхэр, былым зэхэдзэкIэ быдэу зэрегъэубыд.

* * *

ТIэхъуфэхъуу щытахэм уэнэгу ягъуэтауэ, дунейр я тIопкIэгъуэ хъущ,
Уэщыщхьэм уэщыкIыр кIэлъадзу щIадзауэ, утыкур щаубыд къэхъуащ.
Фэхъуэж зихьэлахэр къопщыжри я фэм, шатащхьэр трах джэдууэ,
ФIэкIыпIэ къалъыхъуэу псэуахэм я хъуэхъум, аргуэру зы хъуэхъу хэхъуащ.

* * *

Пщыхэм яIэми хъумакIуэ, щIокIэзышэр я лъэдийр,
ІэщIахьыж яфIэщIу пщыгъэр, къагъэлалэм ІумпIэ ткIийр.
Ауэ нобэ ди сулътIаным и мылъку тIэкIур икъухащ,
Абы щхьэкIи сулътIанышхуэм беижь бзаджэхэр къогийр.

* * *

Бухъара шордакъ щызэхуэрт, шэч зимыIэм нэс дэсщIейу,
А лъагапIэм и къабзапIэм щыIэ псор къэсщIэн сыхуейу.
Ауэ гъащIэм дэкIуеипIэу иIэ псори сча нэужь,
Сэ солъагъур: гъащIэм цIыхум кхыещIыкI ажал нэхъуейу.

* * *

Тхьэм и жьауэ щIэхъуэпс Іэджэ тетщ цIыху хъыжьэу мы дунейм.
Ауэ ахэм я гупсысэр нахуэгъэскъым я пщэдейм.
Ахэм нобэрщ плъапIэу яIэр, махуэ закъуэ псэу къафIощI.
Сыт-тIэ ахэр Тхьэм щIелъэIур, пщэдей щIэблэм яхуэмейм?

* * *

Фадэ пIащIэм уэрэд щIыгъум, гущIэр IэфIым доуэршэр.
Хъибар зешэ - гукъэкIыжхэр хъуэхъу зэрадзхэм щохъарпшэр.
А нэхъыжьхэм я макъ дахэр, пшынэ бзабзэм хуэдэу, къоIу,
Гур хигъахъуэу, псэр игъафIэу, лъэр щIигъэкIрэ ищIыу жэр.

* * *

Умылъагъур уагъэлъагъурэ, а плъэгъуар бгъэщIагъуэ хъум,
Уэ итIанэ ухэсынкъэ къуата тыгъэм къыщIиху тхъум.
Гъэгур хэпшми нашэкъашэу - хэт ар захуэу хишыфа? -
Хуэсакъ быным я кхэхъукIэм, псом хуэмыдэу хуэсакъ пхъум.

* * *

ХуэмыщIауэ упсэумэ, уи щхьэр, дауи, бгъэщхъынщ.
Дыщэм хуэду ухэсу зыщыбгъэпскIи кхэхъунщ.
Ауэ Іуэхур аракъэ, бейр уанэгум ихуам,
ТхьэмыщкIагъэр хуэмыхьу, кIуэдыжьпIэ хуэхъунщ.

* * *

Нэхъ изыIуэу ивгъахъуэ, ныбжьэгъухэ, фи фалъэм, -
Тхьэм къывит къэфлъыхъуахэр фи гъащIэм и пIалъэм.
Дэ хъуэхъу IэфIхэр здэтIэту, тхуэхьыху мы дунейр,
Дащыщынкъым гужьгъэжьгъкIэ IэштIым зыгъэдалъэм.

* * *

Зыкъомым я гуауэ здахьыжьр здэкIуэжьым.
Тхьэм ещIэ а гуауэр здэкIуам щаIуэтэжьр.
Сыт мыгъуэ пхузщIэну, хэт уигу хуэпIуэтэну? -
Нэхъыбэм къащохъур нэхъ тыншу зэгъэжьм.

* * *

Адакъэр Іуа нэужьклэ, бзэгузехьэхэр щолъэтри,
ПцIы гуэрхэм щыхаутэ я хэтри - я мыхэтри.
Апхуэдэу зэрауштыр цIыху куэд, гуэныхьщ жамыIэу,
Ар хейми, ар мыхейми, зыгъуэтри зымыгъуэтри.

* * *

ГъащIэр шэрхъми - ар жаншэрхъкъым, пщIыхьхэм хэтуи щырет,
Моддэ щэхуу къыптелъадэ пфIэщIу нэгуми щIырет.
Абы псэр игъагужьейурэ хьэршым кIуэжу къыпщегъэхъу,
Жьыхьэнмэи жэнэти блэжу, Тхьэ гущIэгъу щагуэш ахърэт.

* * *

Я сомыжьыр фадэрышэу, имытыжу я сурэт,
Тезэрыбэу щыIэ куэдым ямыщIэж яIау торэт.
ТедзэпIэншэу а къэнахэм гъащIэ щIагъым псэр щалъэф,
Тхьэ хуэлъэным ижьыгуауэ, ямыIэжу зы хэлъэт.

* * *

ЦIыху гущIэ къатхэр нур зэрыльэлъу зэдоубзэрабзэ,
Гухэлъ IэфIыгъэр, макъамэ хъуаскIэу, Іупэм щожабзэ.
Дыздэплъэ жьжьбэм, гупсысэ жаныр тхуэхэбкъукIыу,
Гъэгу къытпэщылъыр щIэблэрыхэшу дэ тхуегъэкъабзэ.

* * *

ЖьэкIэ даIуэу, жьэкIэ плъэуэ, жьэкIэ бадзэ ещэ цIыху,
Нобэм къэси щыIэу жаIэ, ауэ ар сэ сымыцIыху.
Я жьэм къурт жьэдэлъми ахэм, псэкIэ даузу къайгъэлыщ,
Жьы къызедпщи ямыщIэххэу, жьынду хуеджэу яхь псэуху.

* * *

ГущIэ куум и нур зэщIэблэм сэ уэрэд къыщызощып,
А уэрэдым уришажьэу къилъыхъуэну уи насып.
Уэри пежьэ, къаджэу-къакIуэ нуркIэ псэр зыгъэпIейтейм,
Ар гухэлъым и накъырэу щызэIуещэ пшэпльым нып.

* * *

Псэ дахитI зы чысэм илъу уэрэд дахэхэр яуст,
ИкIи ахэр здэбзэрабзэу Евфрат псы Іуфэм Іуст.
Фирхьэунхэм я сын-Іущхьэ, тхыдэ пльырхэу икъухьар,
Псэ цIыкIуитIым дахьэхауэ, заудыгъуауэ, даIуэу щыст.

* * *

Ей, тхьэмыщкIэ, тхьэмыщкIэ, - жиIащ Хьэсэни, -
Къыпщхьэщыжу уиIэжьым дунейм зы уэхьий.
ФадэрыпI гуэныхьлыуэ уэ гъащIэр болъэф, -
Ар лIы хьэл и псэуклэ ныхъун, уэлэхьи.

* * *

ГущIэ нурым къыпыщэщу, зэщIызоблэ уэрэд-щыгъэ.
А уэрэдым кIилъэтыхьу, жэщи махуи къещып гугъэ.
Уэ, дахащэ, гущIэгъэсту, нэIурыту къакIуэ-кIуэж,
Кхысхуэхь сэри тыгъэ зепхьэм кхыхэпхауэ уи IэфIыгъэ.

* * *

ТхьэмыщкIапIэ исыжьпхъэщ, - жаIэу гъащIэр дагъэхьащ.
Тхьэр зэбгами дыщымыщу гъащIэм дэ дрикъухьащ.
Алыхь, сыту фIыт, - жызоIэ, ди къэпс куур къытхуэпхъумау,
ЩIэблэм щIэблэ кхыкIэлъыкIуэу, лъэпкъыжь дэжу дупсыхьащ.

Сурэтхэр **ПАЩТЫ Герман** *ищIащ.*

ЗэкІэ Кубокым трегъэу

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЦІыху 2200-рэ ельащ.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Гузь, Науменкэ, Васильев, КІыщ, Къуэн З. (Атаев, 75), ДыщэкІ (Митин, 86), Гъурф (Беппаев, 90), Каркаев (Ахриев, 12), Бажэ, Къуэн А. (Балэ, 63).

«Ангушт»: Хамхоев, Коттоев, (Ахильгов 46), Аушев, Ольмезов, Цуроев, Испагиев, Шудров, Соблыр, Кариев, Дзейтов, Михайлов, (Шимиский 67).

Топыр дигъэІащ: Бажэм, 69 - пенальтикІэ (1:0).

Дагъуэ къыхуащІащ: Хамхоевымрэ Щоджэнымрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014-2015 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм щыщІидзэнур аргуэру ягъэІэпэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр, аргуэрыжьэ, Кърым хытІыру ныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ я командхэр Іэмал псори къагъэсэбэпу зэпеуэм хагъэхьэну зэрамурадырщ. ИкІэм-икІэжьым ар къэйхъуІа хуэдащ икІи зэхьэзэхуэм мыгувэу щІидзэну ущыгугъ хъунущ. ЗэкІэ тезэшауэ зэпеуэм зыхуэзыгъэхьэзыр етІуанэ дивизионым и командхэм Урысей Федерацэм и Кубокыр «жьы дэхуп1э» яхуэхъуащ. Мэрем кІуам абыхэм ирагъэкІуэкІащ финалым и 1/128-нэ Іыхьэм хихьэ зэІущІэхэр.

«Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщырегъаблэгъат Нэзрэн и «Ангушт» командэр. Мыхэр иджыблагъэ зэгъусэу яп1э дивизионым щыджэгуащ икІи щхьэж и зэфІэкІым адрейр фІы дыдэу щыгъуазэщ. Къищынэмыщ1ауэ, Ингушым и щІыхьыр мазэ зытІыщ апкІэ зыхъуэма ди щІалэ гупым Налшык къагъэзжащ, бысымхэм я нэхъыфІхэри къыздашэри.

Гурыіуэгъуэт «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я зэфІэкІыр зэрынэхъ лъагэр. Арщхьэкіэ а Іуэхугъуэр джэгупІэ губгъуэм нэрылъагъу щыщІын хуейт. Ар нэхъ гугъуу къыщІэкІащ.

Дунейр егъэлеляуэ зэрыхуабэрами е я зэхъуэхъэгъуэр хъааэрыфІэмыІуэхущэрами щхьэусыгъуэр хэт ищІэн, ауэ нэлшыкдэсхэр Ингушым къикІахэм зэрефІэкІа щыІэкъым. Абыхэм яебгъэрыкІуэныгъэхэр хуэмт икІи къыз1эрыгъэкІт. Апхуэдэу текІуэныгъэр зыІэрыбгъэхьэну хуабжьу гугъут. Насып яІэти, я ГъуэмпэмыжьыкъэУ 69-нэ дакъикъэм хьэщІэхэм футбол хабзэр къызэпаудащ икІи Бажэ Амир метр пщыкІуэшм и деж щыту бжыгъэр къызэІуихащ, ГуащІэхетымрэ топымрэ лъэныкъуэ зырызымкІэ зэблигъэтІылъыкІри.

АфІэкІа «Спартак-Налшыкым» мы зэІущІэм зыри щыхуэзэфІэкІакъым. Уеблэмэ, джэгуум и кІэухым хьащІэхэр къаруушуэкІэ яп1экІэ кІуэтащ икІи ЩоджэнАзэмэт зи пашэ ди гъуащхьэхъэмэхэр хуабжьу гугъу ирагъэхьащ. Дауэ щымытми, текІуэныгъэр къахуэзыхьа бжьыгъэр налшыкдэсхэм яхъуэмэфащ икІи Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьынымкІэ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/64-нэ Іыхьэм кІуащ. Абы хьэрхуэрэгъу къащыщхуэзыгъэ зэІущІэр щекІуэкІынымрэ щыізэхэкІынур нэхъ иужьыІуэкІэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Я Іыхьлыхэм иратыж

Республикэм и полицейхэм «Къалъыхъуэ» Іуэхугъуэр щрагъэкІуэкІым зы жэщ-махуэм къриубыдэу къагъуэтыжащ хъыбарыншэу кІуэда Цыхуищ, хабзэхъуэм органхэм зацызыдзейуэ тху яубыдащ.

Къагъуэтыжахэр псори балигъ мыхъуахэщ, ахэр я Іыхьлыхэм иратыжащ.

А махуэ дыдэм хабзэхъумэхэм яубыдащ щІэпхъаджагъэ ялэжьауэ хуагъэфащуэ къалъхъуэуэ щы-хуитху. Ахэр Налшык, Бахъсэн, Тэрч къалэхэм, Арщыдан къуажэм щыщхэрщ.

ДжэгупІэ щэхухэр зэхуащІ

Щэхуу ягъэлажьэ джэгупІэхэр къэхутэным теухуа лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм зы тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу республикэм джэгупІэ клуб 23-рэ щызэхуащІащ.

Хьэщыкъ узыщІ джэгукІэр къызэзыгъэпэщэжр административнэ жэуапым ирашэлІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щапхъэ

Жэрдэмыфі къыхалъхьэ

ЦІыху мини 5 щыпсэу Аруан къуажэм спортым дихьэх щІалэгъуалэ куэд дэсщ, ауэ ахэр зэкІуэлІэн спорт Іуэхущ1апІэ яІэкъым. Ар къалъытэри, къуажэдэс щІалэгъуалэр еувэлІауэ езыхэм я Іэкіэ зэрагъэпэщыж курыт еджапІэм хэт актовэ залыр.

КъБР-м Спортымкіэ и министерствэмрэ район администрацэмрэ я арэзыныгъэ хэлъу зи яужь ихьа Іуэхум зэуэ еувэлІащ ЦІыху 50-м нэс. ЩІалэхэм унащ1ыкэр я гъэбыдащ, щхьэгубжьэр зыхуей хуагъэзащ. Иджы пэш кІуэцІхэр зэрахъэ.

Абы ирахьэлІэр къащ1эху къуажэдэсхэм ящыщу зэфІэкІ зиІэхэм.

Актовэ залыр зэрызэрагъэпэщыжым школми и фейдэ хэлъщ. Дяпэкіэ абы къекІуалІэ хъунущ спортым дихьэх еджакІуэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьыгъэр къэзылъахъэр

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къыпщытащ 2011-2015 гъэхэм муниципальнэ куейм и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэр реформэ зэращІынымрэ зэрырагъэфІэкІуэнымрэ теухуауэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м щІыпІэ самоуправленэм и советым и унафэкІэ къащта программэм хухаха бюджет мылькур къыщагъэсэбэпкІэ законодательствэм зэрытетыр.

ЗЭРАГЪЭНЭІУАМКІЭ, республикэмрэ районымрэ я бюджетхэм я хьэхъкІэ, абыхэм щымыщ мылькукІэ программэр ягъэзэщІэн хуейщ. Ар сом мелуани 110-рэ мин 415-рэ мэхъу: мелуан 79-рэ мин 500-р - республикэ, мелуан 17-рэ мини 175-р - район бюджетхэм, сом мелуан 13-рэ мин 740-р нэгъуэщІ къыхэкІыпІэхэм хуоэ.

Арами, УФ-м Бюджетымкіэ и кодексым къызэригъэувым хуэдэу, муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм ар зи къалэн и къудамэм 2014 гъэм программэм хухахыну мылькур игъэбелджылакъым. Абы псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм пыщІа лэжьыгъэр зэтрелъгъэ.

Къэпщытэныгъэм кърикІуам ипкъ иткІэ, мы гъэм а Іуэхум сом мелуан 32-рэ мини 4-рэ хуэзэщІагъэуІуэн зэрыхуейм теухуа тхылъкІэ судым зыхуагъэзащ.

Арэзы тохъуэ

ЩІэрэдж районым и прокурорым куейм и суд участкэ № 1-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм зыхуигъэзащ псы итыпІэр зэрауфІеям къиша хэщІыныгъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэзыухъурехь дунейм кІэлыплъныныкъкІэ и Іуэхущ1апІэм и фейдэуэ Бабугент къуажэ администрацэм сом 12600-кІэ етхьакъун хуейуэ къэзыгъэув тхылъкІэ.

ПСЫМКІЭ законодательствэм ебакъуэри, ЩІэрэдж - Безенги псыхъуэр унагъуэкІэ и пхъэнкІий идзыпІэ, Іуэхущ1апІэхэм я кІэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпІэ ящІат.

ЗэзыгъэкІуж судыщІэр районым и прокурорым къыгъэувым зэрыщытру арэзы техъуащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Нурым» и зи чэзу къыдэкІыгъуэхэр

ЖУРНАЛЫМ И ЕХАНЭ КЪЫДЭКІЫГЪУЭР къызэІуех Сабий«хэр хъумэным и дунейпсо маухуэм теухуа сурэтхІэ.

Ди республикэм и ЦІыхубэ усакІуэ Тхьэгъэзит Зубер куэд щІауэ цІэрыІуэщ и усэ купщІафІэхэмкІэ. Зубер сабий«хэм папщІи усэ хъарзынэхэр итхащ. УсакІуэр къызэраІухурэ ильэс 80 щрикъуэ ирихьалІэу журналым тридзащ Тхьэгъэзитым цІыкІуэхэм папщІэ итха усэхэм ящыщ зыбжанэ.

Адэкіэ фыкъыщедджэнщ бзу губзыгъэ цІыкІум щакІуэ жьІэзыфІэщыщ къызэриГъэпцІамрэ бзу цІыкІум и чэнджэщыкІмрэ ятеухуауэ Къэрмокъуэ Хьэмид итхыжьа «ЩакІуэмрэ бзу цІыкІумрэ» адыгэ таурыхъым.

Бажэ хьилэшымрэ абы къыхуэмыгъэпщІа мэз джэдымрэ я хьибар къыщифщІэнщ Хьэту Пётр итха «Бажэмрэ мэз джэдымрэ» таурыхъым.

Адэкіэ тетщ ЖъэщыкъуеЙ Олег, Мэз Іэниуар сымэ сабий«хэм папщІэ ятха усэхэр.

«ЩІЭблэ» Іыхьэм фигъэцІыхунщ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэх, фІыуэ еджэ ныбжьыщІэ зыбжанэ.

Ди къэралым щыпсэу ныбжьыщІэ щІыкІуэхэм я ныбжьэгъуфІ «Мурзилка» журналыр илъэс 90 ирикъуащ. Абы теухуауэ Лэсхэн куей библиотекэм «Мурзилка»-м и ныбжьэгъуэхэр зэхуэшэс» фІащуэ къызэрагъэпэща зэхьхьэр зэрекІуэкІа щыІэкІэр. ТекІужь Заретэ къыщІИуитэжащ абы тригухуа и тхыгъэм.

1811 гъэм и дыгъэгъазэм Бытырбыху, Урысей пащтыхьым деж кІуауэ щытащ адыгэхэм я лІыкІуэхэр. Ахэр Александр Езанэм иригъэблагъэри, 1812 гъэр къэсыху щыхьэрым щигъэхьэщІащ. А зэІущІэр гукъинэж хъун щхьэкІэ, пащтыхьым адыгэхэм медалхэр яхуригъэщІри къаритауэ щытыгъащ. Апхуэдэ медалым и тепльэрэ абы техуэха тхыгъэ кІэщІрэ тетщ журналым и «Зэгъэщ1апхъэщ» Іыхьэм. Мы Іыхьэ дыдэм итщ къэкІыгъэ зыбжанэ уэзыгъэщІыху «Гъэмахуэ удэ гъэгъахэр» тхыгъэ цІыкІури. Зи гугъу тщІа тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар Мэлей ФатІимэщ.

«Жаншэрхъ» Іыхьэм «Топджэгуакіуэльэрызэхьэхэр къытщІохъуэ» тхыгъэм Жыласэ Заурбэч щыдегъэщІыху «Спартак-Налшык» топджэгу командэм хэт ныбжьыщІэхэр. Тенджыз ФІыщІэм и Іуфэм Іус Дыгъэмыс къалэм щекІуэкІащ 2005 гъэм къалъхуа цІыкІуэхэм топджэгумкІэ я къэралпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтахэм къахэкІакъым «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщІэхэм къатекІуэн. Зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфІ дыдэ хъуащ джэгугъуитхум топ 14 щыдэзыгъэкІа Къущхьэ Елдар.

Адэкіэ къыкІэлъыкІуэ напэкІуэцІым къытрадзащ шым и пльыфэхэм зэреджэхэмрэ а шыхэм я сурэтхэмрэ.

«МафІэсым дыхуэвгъэсакъ» псалъащхьэм щІэту Таз ФатІимэ итха тхыгъэр топсэлъыхь мафІэм къыщІэ зэранныгъэхэм, мафІэс къэмыхъун пащ1э дэжьыпхъэхэм.

«КъэщІэрей и Іыхьэр» теухуащ псалъэ щэрыуэхэм.

«Нурым» и гъуджэм» къощ Налшык дэт сабий сад №22-м и гъэсэн, адыгэ къафэхэмрэ пшынальэхэмрэ зыІфІэ Уэрдащ Ливанэ.

Мы гъэм илъэсищэ ирикъуащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ ткакІуэпшхуэ КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ. Журналым и ебланэ номерыр кІыхьэ-Іуех КІыщокъуэм и сурэткІэ икІи тредэз сабий«хэм папщІи усакІуэм итха «Бажэ пшынэ» таурыхъ цІэрыІуэр.

Адэкіэ «Іуэрыіуатэ» Іыхьэм итщ Іуэрыіуатэм къыхахыжа сабий усэ цІыкІуэхэр.

«Инэмыкъуэм» езгъэхьэ тхыгъэ» псалъащхьэм щІэту журналым тридзащ 2013 гъэм США-м и Луизианэ штатым и кІалащхьэ Новый Орлеан къыщалъхуа, щыпсэу Нурэ цІыкІу и сурэтрэ ЩакІуэ Марьянэ абы хуитха усэмрэ.

«ЩІэблэ» Іыхьэм, зэрыхабзэу, тридзащ нэхъыфІу еджэ, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэх ныбжьыщІэхэм я сурэтхэр.

Къуэдзокъуэ ФатІимэ игъэхьэзыра «Лъэпкъ музейм» тхыгъэр топсэлъыхь ди республикэм и Лъэпкъ музейм и тхыдэмрэ абы щІэлъ хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэмрэ.

Уэрэзей Афлик игъэхьэзыра «Лжэмрэ дыгъужьымрэ» адыгэ таурыхьыр теухуащ Лжэр Іущыгъэкіэ Дыгъужьым текІуэу зэрыІэщІэкІам.

«Дэ къытхуатх» Іыхьэм тетщ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм пшынэуэкІэм щыхуагъасэ цІыкІуэхэм, пшынауэ цІэрыІуэ Къуэдз Іэбубэчыр абы илъэс тІощІ и гъэкІэ къыщІэзэригъэпэща «Пшынауэ» гупым я Іуэхущ1афэхэм тепсэлъыхьу ТекІужь Заретэ итха «Пшынауэ ныбжьыщІэхэр» тхыгъэр.

«Сурэтыщ1эхэр» псалъащхьэм щІэту тридзащ Налшык щыщ еджакІуэ ныбжьыщІэхэу ШыбзыхуэУ Данэ, ХъэщІэлІ Сабинэ сымэ ящІа сурэт цІыкІуэхэр.

«Жаншэрхъ» Іыхьэм щыгъуазэ фищЫнщ КъэрэшеЙ-Шэрджэсым къыщалъхуахэу, ищхьпсту Ставрополь щыпсэухэу Къантемырхэ Эмиррэ Асльэнрэ спортым къыщалъхьа ехьулІэныгъэхэм.

«ПсэущхьэхэР» Іыхьэм тетщ ушхэр, ужьыр уэзыгъэІыху тхыгъэхэр.

Мы къыдэкІыгъуэм и псалъэзэблэдзыр пхъащхьэмыщхьэм теухуащ.

«Нурым» и гъуджэм» къощ Налшык дэт «Мыщэ шыр» сабий садым и гъэсэнхэр, зэдэлъхуэзэшпэхъуэху Мэхъуауэхэ Маратрэ Миланэрэ. Зэдэлъхуэзэшпхъуэхэм адыгэбзэкІи инджылызыбзэкІи уэсэ цІыкІуэхэр зрагъэщІэну яфІэфІщ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

Колькэ и гъащІэ гугъур

● Фэеплъ

ЦІыхум къыпэплъэр и натІэм итхауэ къалъхуу жаІэ. Дауи, псоми я гъащІэр зэхуэдэкъым: хэти насыпыфІэ дыдэ мэхъу, гугъуехь инхэм хуэзэхэри мащІэкъым.

Джатий Колькэ

АЩНОКЪУЭ Лалушэ и унагъуэр ящыщт хьэзабышхуэ игъэвыну къызыпэплъэхэм. Лалушэ лэжьакІуэшхуэт, нэгъуэщІхэм ефІэкІыу псэукІэ дахэ иІэт. Ауэ къуажэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ щыщІэзрагъэпэща «Тройка»-м унагъуэм и мамыр гъащІэр къэзыпиудащ. Ар 1936 - 1937 гъэ шынагъуэхэт.

Тыкуэн, псы щхьэл, зэралуэ машинэ зэриІэм щхьэкІэ, Ащ1ноКъуэ Лалушэ нат1ерыІуэп1э ящІат, бежжьым хабжэри, Сыбыр жьыжьам илъэсиплкІэ щаІыгат. Къаутыпщыжу къиГъэзэжа нэужь, колхозым хагъэхьакъым. Щ1ыпІэ властым зэрыхуэмыварэзым къыхэкІыу, щІыхубэм я бий, троцкист дзыхэр ФІащри, и къуэш Іэбубэрэ и адэ къуэшым и къуэ ПыІтИтІрэ ящІыгъуу, щІыху лажьэншэр аргуэру яубыдащ. Ащ1ноКъуэхэ я лъэпкъыр зэрыщІыгъуэдыну мурад ящІагъэнти, и щхьэгъуэфэри ягъэтІысащ, и унэри и мылъкури къытрахащ. Ўэрамым щыдэна сабиищІыр - зэшпхъуитІымрэ я дэпхъумрэ - къуажэдэсхэм зрашэлІащ. Я унэр зэпкърахри, къыхэкІа псэуалъэхэмкІэ колхозым хъуманІэ иухуащ.

Сабийхэр школым кърагъэщтакъым. Илъэси 10-12 фІэкІа мыхъу ныбжьыщІэхэм езыхэм зэпІыжьын хуейти, щэджагъуашхэ ирагъэщІын щхьэкІэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэри колхозым щагъэщІэрт. КъыдэкІуэтея нэужь, я Іыхьлыхэмрэ гъунэгъуэмрэ къадэІэпыкъури, ятІэ чырбыш уэ ящІащ.

- Дзыхьмыщ1у къытхуущтхэр, бежжьым и бину, троцкисту дыкъэзыІытхэр щыІэт, ауэ нэхъыбэм ягу къыщІэгъуэт, зэрыхъуКІи зыкъутщагъакъуэрт. Зэмылыр хъэльэт, техникэ щыІэтэкъыми, колхозыщІыр белкІэ къэттІырт. Хуабжьу гугъу дехьми, ди щхьэ Іуэху зэрызезтхуэжьи хуейр къыдгурыІуэрт. Ди адэ-анэм я хьыбар тщІэртэкъым. Ахэр зэрагъэкІуэдар къыщыщІар зэманыфІ дзкІаУэщ, - иГу къигъэкІыжьырт Колькэ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэдэлъхуэзэшпхъуэр колхозым щыпсэжьащ. Колькэ нэхъыжьти, къуажэм къыбгъэдэкІыу Прохладнэ районым щІыпІ къыщыІэтІэжм хагъэхьат.

Нэмыщхэм ди ныдалъэр щаубыдыж, колхоз лэжьыгъэхэр, пІалъэкІэ зэпагъэуащ. Мэлхэмрэ Іэщ1эвыщІэмрэ колхозхэтхэм хуагъэшащ. Бежжьым и «унагъуэм» зыри лъагъэсакъым. Нэмыщхэр зэрырахужу, колхоз лэжьыгъэм щІидзэжащ. Зауэ лъэхъэнэм щыщу илъэсищ губгъуэм щІэздзахьащ зэдэлъхуэзэшпхъуэхэм. Ахэр тылым и лэжьакІуэу ящІэлытэрт.

Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щыщ Джатий Хьэсэн щхьэгъусэ щыІэхэуэ яп1э махуэхэм къыщыщІэдзауэ хьыхэри, илъэс 40-м щІигъуКІэ колхоз-совхоз гъэмэгъэм Колькэ пэрытащ, зэщхьэгъусэхэм щІалитІрэ хъыджэбзитІрэ зэдаІэщ.

- Абы щыгъуэ сабий гъэсапІэхэр щыІэтэкъыми, ахэр губгъуэм зэдэтхьат, чэзуэр дакІэлъэплъырт, кумб цІыкІуХэм ису тхъымэрт,- къиІуэтэжьырт Колькэ. - Къэзгъащ1ам къриубыдэу тыншыгъуэ сиІакъым. 1970-1980 гъэхэм яужьКІэ нэхъыфІу дыпсэу хуэзат, улахуэ къэтхьырт, бынхэм зауэжьырт, си щхьэгъусэр лажьэрт. Унагъуэ хадэ зетхьэрти, зэи Іуэхуншэ дыхъуртэкъым, хадэхэКІи пхъащхьэмыщхьи куэду диІэт.

Колькэ дапщэщи ІэнатІэм щыпашэт. Щапхъэу къахьырт, сауГъэтхэр хуагъэфащэрт, къуажэ, район советхэм я депутатт. И гуащІэм къыпхуІэу юбилей медалхэр, «Лэжьыгъэм къызэрыхэжаныкІам папщІэ», «Тылым и лэжьакІуэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр къратат.

Колькэ бадзэуэгъуэм и 5-м дунейм ехьжащ. Джатий лъэпкъым щыхуэгузавэм, ветеранхэм я къуажэ советым и тхьэмадэ Уэркъуасэ Пётр Колькэ псалъэ гуапэ куэд хужиІащ.

- Лэжьыгъэм зыкъригъэзыпнутэкъым, теплицэ зэзыхьэхэм, хадэхэКІ зыщІэхэм я бжэ и зевнэр щыпашэт. ХуэзэІэкІымрэ зыхуэнэсымрэ умыщІэзыщІэнэжкІэ Іэмал иІэтэкъым. И унагъуэмэ щыпхуэдэт. Дапщэщи жьджэрт, псэужамэ, мы гъэм илъэс 90 ирикъунут. Анэ гумащІэт, анэзыхэ жьыщхьэ махуэт, хьэщІэкІэ фІыт, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ и Іэпэгъут, - жиІащ Уэркъуасэм.

Дыуэщ1ым цІыхухэмрэ ирихьалІат. Абыхэм псоми кІыхагъэщІырт дунейм ехьжар гуащІафІэу, цІыхуфІу зэрыщІтар, мы гъащІэм зэпхуэ угъурлы кІыхьэзрыхинар. Хьэсэнрэ абырэ къуэрылъху-пхъурылъхуу 13, абыхэм къатепщІыкІыжауэ 16 къащІэхъуащи, хуэфащэ пщІэ ХуэІуІу, иригушхуэу Колькэ и фэеплъ нэхур зэрахъумэнym шэч къыптетхьэркъым.

И бынхэмрэ цІыхухэмрэ зэрэзэпэуэ мы дуней хьэхур ибгынащи, и ахърэтыр Тхьэм дахэ ищІ.

УЭРКЪУАСЭ Владимир.

Каринэ дыдэвгъэІэпыкъу

● Псапэ

Ди газетым зэрытетащи, зи ныбжьыр илъэси 4 фІэкІа мыхъу Къашыргъэ Каринэ икІэщыщІэкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуащ. А хьыджэбз цІыкІум ахъшэ хуэзохадзэн папщІэщ ди зыщІыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм псэпэзыпылъ концертщІыщ1ра-гъэкІуэкІари.

ЦІыХУУЭР Іуву щызэхуэса клуб бжэІупэм дэ зыщІыхуэгъэзащ дунейм кІыхьэрытехьэрэ хущхъуэнэшэу зы махуэ мыпсэуа, илъэсым кІрифыдэу зыбжанэрэ сымаджэщхэм щІэпсэ сабийм и адэ Валерэ.

- Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Къунымрэ Хьэчим зыщІэхуэдгъаззэм: «Фи Іуэхур кІыьзгурыІуащи, Алыхьым жиІэмэ, щІэгъэкъуэн дыфхуэхъунщ, клубри фэттынщи, дэри тхуэзэфІэкІ къэдгъэнэнкІым», - къыджиІащ икІи езым и къуэдзэ Вэрылі Къаншэбий, къуажэ ефэндыхэм я пашэ Иуан Альберт сымэ гъуэсэ зыхуэщІ ди унагъуэм къихьащ, ахъшэ хуэзгъэнэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. И унагъуэмэ щыпхуэдэт. Дапщэщи жьджэрт, псэужамэ, мы гъэм илъэс 90 ирикъунут. Анэ гумащІэт, анэзыхэ жьыщхьэ махуэт, хьэщІэкІэ фІыт, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ и Іэпэгъут, - жиІащ Уэркъуасэм.

Дыуэщ1ым цІыхухэмрэ ирихьалІат. Абыхэм псоми кІыхагъэщІырт дунейм ехьжар гуащІафІэу, цІыхуфІу зэрыщІтар, мы гъащІэм зэпхуэ угъурлы кІыхьэзрыхинар. Хьэсэнрэ абырэ къуэрылъху-пхъурылъхуу 13, абыхэм къатепщІыкІыжауэ 16 къащІэхъуащи, хуэфащэ пщІэ ХуэІуІу, иригушхуэу Колькэ и фэеплъ нэхур зэрахъумэнym шэч къыптетхьэркъым.

И бынхэмрэ цІыхухэмрэ зэрэзэпэуэ мы дуней хьэхур ибгынащи, и ахърэтыр Тхьэм дахэ ищІ.

- Каринэ цІыкІу зэдэмыша уней клиникэ ди республикэм къиднакъым, - кІыпещэ и псалъэм Валерэ. - Дыщ1ащ Ставрополь краймИ Санкт-Петербургиі. ИужьрейМ кІыщыджаІащ: «Ди фІэщ хъуркъым пщащэ цІыкІур мы къэралым щыфхуэгъэхъужьну. Германием и Израилым фхуэшамэ арат». ЗэрызэхэдгъэкІамкІэ, ахъщэр узыфхэм ежэзу Германием щыІэ клиникэхэр ІкъапІэ дыдащ, нэхъ деэзгъэнну къэтпытэ Израилим къыщылъпІыкІ къудей щыщІэ США-м и доллар мини 6-м нэблагъэ теІуэгъэнущ. ЗэрыжаІамкІэ, абы иужькІэ мэхъым и нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къалъытэ ешІэрэ щІэзыгъэ кІеІэзэнущ.

Къашыргъэ Каринэ цІыкІу и адэ-анэр, и Іыхьлыхэр жэщ-гуущ1эгъу зыхэлъ цІыхуэхэр къадэІэпыкъуну, сабийм гупытэ къыхуащІыну. Сбербанк картэм и номерыр: 676280609017372877. Ахъшэр мы телефонымкІи вгъакІуэ хъунущ: 8 963 167 24 03.

ЖЪУМАХУЭ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкІэмыкъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Зыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зыгъэтхахэм ихъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтныыгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору НэщІэпыдкэ Замирэ, корректорхэру Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ)*, **Мыразхъан ФатІимэ** *(2, 3-нэ)*, *КомпьютеркІэ газетым и теплэрэ ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъу Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1532